

XIII. NULIS

A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Mahasiswa mibanda pangaweruh anu jugala ngeunaan nulis basa jeung sastra Sunda katut pangajaranana. Tujuan husus anu kudu kahontal tina ieu pangajaran, nya eta mahasiswa mampuh:

- a. ngeceskeun watesan nulis atawa ngarang;
- b. ngeceskeun sarat karangan nu alus;
- c. ngeceskeun wanda karangan;
- d. ngeceskeun wangun karangan;
- e. ngeceskeun kamampuh nulis; jeung
- f. ngeceskeun bahan ajar nulis.

B. AMBAHAN BAHAN AJAR

Bahan ajar anu bakal dipidangkeun dina ieu lawungan atawa pajemuhan patali jeung nulis, nya eta (1) watesan nulis, (2) sarat karangan, (3) wanda karangan, (4) wangun karangan, (5) kamampuh nulis, jeung (6) bahan ajar nulis. Wincikan tiap-tiap bahan ajar dibabarkeun di handap ieu.

1. Watesan Nulis

Nulis atawa ngarang mangrupa kamampuh ngagunakeun basa dina wangun tinulis, pikeun nepikeun gagasan, eusi pikiran, kahayang, kereteg haté, atawa informasi. Nepikeun gagasan atawa informasi dina wangun tinulis kudu dipigawé kalawan daria tur ati-ati, sarta dipigawé dina waktu anu rinéh sangkan bisa mikir pikeun nyusun jadi kalimah. Tina kalimah jadi paragraf, paragraf jadi wacana jeung saterusna, nepi ka ngajanggélék jadi wangun karangan anu mibanda ajén jeung tujuan.

Gagasan atawa informasi anu dipidangkeun dina wangun tinulis bakal leuwih gembleng batan dina wangun lisan. Nepikeun gagasan dina wangun lisan mah sok rajeun loba nu kaliwat, sajaba ti susunan kalimah

sok teu puguh éntép seureuhna. Ari dina wangun tinulis mah, gagasan bakal gembleng tur sistematis sabab waktuna rinéh tur dirakit kalawan ati-ati, struktur kalimahna ogé bakal leuwih hadé. Lian ti kitu, nepikeun dina gagasan dina wangun tinulis mah bakal mibanda ajén dokuméntér lantaran bisa diulik sababaraha balikan.

Nepikeun gagasan atawa informasi dina wangun tinulis sawadina kudu dipigawé kalawan ati-ati tur daria, taya lian sangkan mibanda ajén anu hadé. Ku kituna, tujuan anu rék ditepikeun baris kahontal. Sangkan karangan atawa tulisan mibanda ajén, salian kudu nyumponan sababaraha pasaratan téh ogé kudu tumut kana palanggeran makéna basa.

2. Sarat Karangan nu Alus

Karangan anu dianggap nyumponan sarat, sakurang-kurangna mibanda lima unsur nya éta (1) eusi, (2) wangun, (3) tata basa, (4) gaya, jeung (5) mekanik (ejaan jeung tanda baca). *Eusi karangan* nya éta ngeunaan hal atawa perkara anu dijadikeun jejer karangan. Naha eusi karangan téh medar perkara kalawan gemet tur jéntré, atawa ngan ukur saulas? *Wangun karangan* nya éta ngeunaan susunan atawa cara midangkeun karangan. Tata basa nya éta aturan nu patali jeung ngawangun kecap katut pola-pola kalimah. *Gaya (style)* nya éta ngeunaan cara méré warna dina midangkeun gagasan. Ejaan jeung tanda baca mangrupa palanggeran atawa aturan dina ngagunakeun lambang-lambang tinulis.

Tina katerangan di luhur tétéla yén nulis atawa ngarang téh mangrupa gabungan tina sajumlahing kamampuh anu béda-béda, boh kamampuh dina widang basa boh kamampuh dina widang non basa. Kamampuh basa nya éta kamampuh ngeunaan kaparigelan makéna basa. Kamampuh makéna basa nya éta kamampuh nu aya disaluareun widang basa kayaning; pangaweruh matéri, kakeyeng midangkeun tulisan, kawani nembrakkeun pamadegan jsté.

Nulis atawa ngarang mangrupa hiji prosés kagiatan pikiran pikeun ngébréhkeun kereteg haté, gagasan, kahayang, atawa informasi dina wangun tinulis. Kagiatan nulis atawa ngarakit karangan, mangrupa kagiatan anu dilaksanakeun kalawan sadar tur mibanda tujuan anu tangtu. Ku kituna, pikeun mibanda kamampuh ngarakit karangan diperedih pangaweruh ngeunaan nulis atawa ngarang.

Nulis atawa ngarakit karangan teu cumpon ukur ku ngandelkeun bakat atawa karep wungkul, tapi perlu mibanda pangaweruh, boh

pangaweruh ngeunaan padika nulis boh ngeunaan bahan atawa materi karangan. Anu disebut mibanda pangaweruh nulis nya éta upama geus nyangking pangaweruh ngeunaan wangun gramatik kayaning foném, morfém, kecap, frasa, klausa, kalimah jeung alinéa atawa paragraf. Kitu deui pangaweruh ngeunaan cara nuliskeun huruf, kecap jeung unsur serepan sarta tanda baca sakumaha palanggeran anu geus ditangtukeun.

Gorys Keraf (1984) nétélakeun yén karangan téh hakékatna mangrupa gambaran tina eusi pikiran atawa rasa, anu diwujudkeun dina wangun tinulis. Sangkan mampuh nétélakeun eusi pikiran atawa rasa kalawan gembleng, leuwih ti heula kudu nyangkem aspék-aspék basa kayaning:

- 1) Nyangkem sajumlahing kabeungharan kecap;
- 2) Nyangkem kaédah-kaédah sintaksis;
- 3) Mibanda kamampuh gaya nu merenah; jeung
- 4) Mibanda bahan karangan.

a. Kabeungharan Kecap

Nyangkem sajumlahing kabeungharan kecap (kosa kata) mangrupa pasaratan penting pikeun ngébréhkeun eusi pikiran atawa rasa dina wangun tinulis. Leuwih loba nyangkem kabeungharan kecap bakal leuwih lancar jeung loba deui atawa gagasan anu bisa dipedar.

Numutkeun *sipatna kecap* bisa dibédakeun jadi dua rupa; (1) *konotatif* nya éta kecap anu ngandung harti rangkepan, jeung (2) *dénotatif* nya éta kecap anu ngandung harti satarabasna.

Dumasar kana ayana sifat kecap sakumaha anu ditétélakeun di luhur, nu nulis kudu parigel milih kecap anu merenah pikeun ngébréhkeun eusi pikiran sangkan gagasan bisa kaharti kalawan luyu jeung pamaksudan. Hartina, kecap anu dipaké teu matak ngandung harti séjén (ambigu) anu ahirna bisa ngabalukarkeun salah tafsir.

b. Kalimah Efektif

Midangkeun eusi pikiran atawa gagasan kalawan gembleng sarta bisa kaharti kalawan luyu jeung anu dimaksud, teu cukup ku nyangkem sajumlahing kabeungharan kecap wungkul, tapi ogé kudu mampuh midangkeun gagasan dina wangun kalimah anu efektif.

Kalimah efektif nya éta kalimah anu bisa ngébréhkeun eusi pikiran kalawan merenah. Kalimah efektif salian ti ngandung kakuatan anu bisa némbongkeun eusi pikiran pangarang téh, ogé gampang

kahartina. Hiji kalimah bisa disebut efektif upama nyumponan sarat saperti ieu di handap, di antarana: (1) bisa ngawakilan eusi pikiran kalawan merenah, (2) sanggup méré gambaran anu sarua jeung eusi pikiran pangarang. (3) Kalimah efektif mibanda sawatara pasaratan, nya éta: gembleng: kalimah anu bisa némbongkeun beungkeutan gagasan sarta ngandung hiji ide poko. (3) kohérénsi: kalimah anu ngawangun alinéa némbongkeun runtuyan anu sinambung.

c. Alinéa

Alinéa atawa paragraf nya éta beungkeutan pikiran nu mangrupa kumpulan atawa gabungan tina kalimah-kalimah pikeun pangawangun hiji gagasan. Dina alinéa hiji gagasan katémbong leuwih ébréh.

Teu béda ti nyusun kalimah, *nyusun alinéa anu efektif* mérédih pasaratan, nya éta:

- 1) *gembleng*; kalimah-kalimah anu ngawangun alinéa kudu némbongkeun beungkeutan perkara atawa tema.
- 2) *kohérens*; kalimah-kalimah ngaruntuy kalawan sinambung gampang kaharti, némbongkeun jalan pikiran anu wajar tur ngarojong kana téma.
- 3) kalimah-kalimah anu ngawangun alinéa némbongkeun wincikan gagasan tur ngaruntuy kalawan sinambung.
- 4) Pamekaran alinéa katémbong tina runtuyan kalimah anu medar téma.

Dumasar kana *tujuanana*, alinéa dibagi jadi tilu rupa, nya éta: (1) alinéa *bubuka*: mangrupa panganteur tina éta karangan, (2) alinéa *panyambung*: alinéa anu nyambungkeun antara alinéa bubuka panganteur, jeung (3) alinéa *panutup*: alinéa anu mungkas karangan.

d. Gaya

Gaya basa atawa *style* nya éta mangrupa kaparigelan dina makéna basa pikeun méré warna kana ieu karangan. Gaya basa mangrupa cara némbongkeun eusi pikiran ku kaparigelan makéna basa. Gaya basa mangrupa bagian tina diksi (pilihan kecap) loyog henteuna hiji kalimah atawa kecap pikeun némbongkeun gagasan. Kaparigelan némbongkeun eusi pikiran, mangaruhan kana gaya basa pangarang. Ku kituna, gaya basa raket patalina jeung aspék kabasaan kayaning diksi, frasa, klausa, jeung kalimah.

e. Ejaman jeung Tanda Baca

Éjaman nya éta palanggeran ngeunaan cara makéna aksara gedé atawa leutik, ipis atawa kandel, déngdék jeung ajeg, jsté. Sakumaha anu ditangtukeun dina palanggeran éjaman basa Sunda.

3. Wanda Karangan

Nurutkeun sipatna, karangan téh bisa dibédakeun jadi dua wanda, nya éta karangan fiksi (sastra) jeung (2) karangan nonfiksi (ilmiah). Ayeuna urang pedar hiji-hijina.

a. Karangan Fiksi (Sastra)

Karangan fiksi atawa sastra nya éta karangan anu disusun dumasar kana imajinasi pangarang sastra midangkeun kajian anu imajinatif. Karangan fiksi bisana diébréhkeun kalawan bebas, sok sanajan aya kamungkinan bahanna nyokot tina kanyataan (Rusyana 1987). Ilaharna karangan fiksi dipidangkeun kalawan ngagunakeun basa atawa ungkara anu konotatif, nya éta basa anu ngandung harti injeuman sarta sifatna subyektif.

Karangan fiksi atawa karya sastra béda jeung karangan nonfiksi atawa ilmiah. Pikeun ngabédakeun karangan fiksi jeung karangan ilmiah nya éta ku niténan ciri-cirina. Nu mangrupa ciri-ciri umum karya sastra atawa karangan fiksi, nya éta:

- (1) mangrupa karya seni anu tujuanana pikeun ngahontal kaédah sastra, kalawan ngamekarkeun sagala daya basa minangka pakakasna.
- (2) karangan sastra diolah jeung dimekarkeun dumasar kana daya imajinasi.
- (3) karangan sastra ngalahirkeun dunya ciptan.
- (4) karangan sastra leuwih ngamekarkeun suasana sedih, gumbira, pikalucueun, kejem, jsté.
- (5) ku sabab makéna makna konotatif, gaya basa, perlambang jeung sajabana, karya sastra bisa nimbulkeun tafsiran anu béda-béda pikeun nu macana.
- (6) dina karangan sastra, gaya basa pangarang leuwih onjoy.
- (7) karangan sastra lahir tina enas-enasna kajembaran atawa kabeungharan pangalaman (batin, émosi) pangarang.

- (8) Dina karangan sastra moral carita ngajanggélék dina sagemblengna carita.
- (9) Warna karangan sastra diwarnaan ku paham jeung konsepsi sastra nu keur lumangsung dina mangsana atawa paham anu dicekel ku pangarang.
- (10) Kredibilitas carita diwangun keajegan (kekokohan) runtuyan episode sagemblengna carita (Iskandarwassid 1983).

Dumasar kana wangunna, karangan fiksi bisa dibagi jadi opat rupa, nya éta (1) prosa (wangun lancar), (2) puisi atawa dangding (wangun ugeran), jeung (3) prosa lirik, jeung (4) drama.

b. Karangan nonfiksi (ilmiah)

Karangan nonfiksi atawa karangan ilmiah nya éta karangan anu dirakit dumasar kana fakta atawa kanyataan. Dina karangan ilmiah mah pangarang kudu mampuh nembrakkeun kanyataan dina runtuyan anu sistematis tur obyektif. Luyu jeung sifatna nu ilmiah, karangan ilmiah ditulis kalawan obyektif sarta ilaharna ngagunakeun basa anu dénotatif (saujratna) pikeun nyingkahan tafsiran anu béda tur dipimaksud.

Karangan ilmiah non fiksi téh béda jeung karangan fiksi atawa karya sastra. Pikeun ngabédakeun bisa ku niténan ciri-ciri karangan ilmiah, saperti nu kaunggel ieu di handap:

- a) *logis*, kacindekan dumasar kana alesan atawa argumantasi nu kaharti ku akal;
- a) *sistematis*, ngaruntuy dina ranggeuyan anu sinambung;
- b) *obyektif*, karangan anu dusodorkeun dumasar kana kajadian anu nyata;
- c) *tuntas*, nyaritakeun hiji masalah nepika rengse masalahna;
- d) *taliti*, sifat obyektif jeung asup akal bakal ngurangan kana kasalahan jeung ka kaliruan;
- e) *jéntré*, kajéntréan karangan kudu ekplisit, teu samar jeung henteu matak nimbulkeun salah tafsir;
- f) *bebeneran* kudu bisa diuji;
- g) *miboga sifat terbuka* pikeun kasampurnaan;
- h) *basa nu saujratna*, ngagunakeun istilah, kecap anu sabenerna, kalimah henteu matak nimbulkeun harti rangkepan (Iskandarwassid, 1982).

Dina wujudna karangan ilmiah ngawengku sababaraha warna, nya éta: (a) karangan ilmiah, skripsi, buku élmu pangaweruh; (b) pedaran, artikel bahasan, (c) resénsi, (d) laporan; jeung (e) polémik.

4. Wangun karangan

Dumasar kana wanguna, karangan bisa dipasing-pasing jadi opat bagian, nya éta (1) karangan carita (narasi), (2) karangan dadaran (déskripsi), (3) karangan pedaran (ékposisi), jeung (4) karangan alesan (argumentasi).

a. Karangan Narasi

Karangan narasi nya éta karangan anu medar perkara atawa kajadian kalawan écés sarta dipidangkeun numutkeun runtuyan waktu (kronologis)

Karangan narasi bisa dumasar kana fakta atawa kanyataan atawa bisa ogé ngan sakadar rékaan wungkul (imajinasi). Otobiografi atawa biograpi kaasup kana karangan narasi. Kitu deui, karangan kayaning carpon, novel atawa dongéng kaasup kana karangan narasi kénéh.

Gorys Kerap (1986) ngabédakeun karangan narasi jadi dua dua rupa, nya éta (1) narasi ékpositoris, jeung (2) narasi sugéstif. *Kahiji*, narasi ékpositoris ngandung tujuan pikeun nambahan pangaweruh, sarta matak nimbulkeun rangsangan mikir pikeun nu macana. Informasi atawa perkara anu dipedar dina narasi ékpositoris, ditétélakeun dumasar kana runtuyan tahapan kajadian anu lumangsung.

Aya dua sifat anu perlu dititénan dina narasi ékpositoris nya éta sifat umum jeung sifat husus. Nu dimaksud sifat umum, nya éta narasi anu midangkeun ngeunaan hiji hal atawa perkara anu prosésna bisa dibalikeun deui. Upamana pedaran ngeunaan prosés ngawangun imah, nyieun mobil, jeung perkara-perkara anu umum séjéna. Ngawangun imah, nyieun mobil atawa ngeunaan prosés dina industri mangrupa hiji kajadian anu bisa dipigawé ku singsaha baé. Prosés ngawangun imah bisa dibalikeun deui, kitu deui prosés nyieun mobil, atawa lumangsungna prosés hiji industri mangrupa kajadian nu bisa dipigawé sababaraha balikan.

Béda deui jeung narasi ékpositoris anu sifatna husus, narasi ieu mah medar kajadian anu hamo bisa dibalikeun deui, sarta ngan karasa ku jalma anu kungsi ngalamannana. Contona, ngeunaan pangalaman basa meunang hadiah lantaran jadi juara, atawa pangalaman meunang kasedih.

Pangalaman meunang kabungah atawa kasedih, mangrupa kajadian husus anu teu bisa dibalikeun deui.

Kadua, narasi sugestif nya éta karangan nu medar perkara atawa hal anu disatukangeun hiji kajadian. Narasi sugestif leuwih condong pikeun ngoréh ma'na tina hiji perkara sarta dieusi ku pedaran anu imajinatif. Contona: dongéng, carita pondok, novel.

b. Karangan Déskripsi

Karangan déskripsi nya éta karangan nu mertélakeun hiji perkara kalawan écés nepi ka bubuk leutikna. Dina wangun karangan déskripsi nu maca bakal meunang gambaran anu jéntré ngeunaan hiji hal, sarta bakal bisa nyindekkeun perkara. Karangan déskripsi ngandung tujuan pikeun méré informasi (pangaweruh). Ku kituna karangan deskripsi kudu gembleng sarta mibanda sistematika pedaran nu puguh entep-seureuhna.

c. Karangan Eksposisi

Karangan eksposisi nya eta karangan nu ngaguar hiji perkara anu tujuanana pikeun mere nyaho ka nu maca. Ari eksposisi téh asal kecapna tina *expose* nu hartina diembarkeun, dipedar, atawa diekspos ka luar (umum).

d. Karangan Arguméntasi

Karangan arguméntasi mangrupa karangan anu tujuanana pikeun mangaruhan sikep katut pamadegan nu maca kana hiji perkara. Sikep anu maca nepi ka boga pamadegan anu sarua jeung nu nulis. Ku kituna, dina karangan argumentasi mah kudu loba dieuyeuban ku bukti-bukti nu akurat jeung fakta-fakta anu sakirana baris ngarojong kana sikep katut kacindekan anu nulis.

Luyu jeung tujuanana, karangan argumentasi kudu bisa medar perkara kalawan obyektif sarta kaharti (logis) ku ayana pedaran nu obyektif, logis, tur dirojong ku bukti-bukti anu nyata, nu maca baris percaya sarta satuju kana kacindekan anu ditandeskeun ku nu nulis.

Pikeun matri kapercayaan, karangan argumentasi kacida butuh ku fakta obyektif, kayaning: data statistik, hasil panalungtikan, dokumen, atawa bukti anu séjénna dumasar kana hiji sumber anu beunang dipercaya. Dina karangan argumentasi mah prinsip-prinsip logika jeung pedaran anu bisa ditarima ku akal pikiran kacida dipentingkeunana. Gagasan kudu aya patalina jeung fakta.

Kaparigelan ngarakit karangan argumentasi kawilang pentingna dipibanda ku nu boga karep ngarakit karangan ilmiah, kayaning: skripsi, makalah atawa paper jeung buku ilmiah séjénna.

5. Kamampuh Nulis

a. Langkah-langkah Nulis

Nyangkem pangaweruh nulis can tangtu mibanda kamampuh ngarakit tulisan. Mibanda pangaweruh kakara nepi kana wanoh jeung teori-teori (komposisi) atawa palanggaran nulis. Sedengkéun kamampuh mah nya éta mangrupa wujud nyata tina kompetisi atawa pangaweruh.

Pikeun némbongkeun kamampuh nulis, nya sawadina kudu ditémbongkeun ku prakna ngarakit karangan. Ku nyangkem pangaweruh nulis, sakurang-kurangna bakal nyaho kumaha prak-prakan ngamimitian ngarakit karangan. Widyamartaya (1984) méré bongbolongan kumaha cara ngamimitian nulis atawa ngarang. Langkah-langkah dina ngarang teh, di antarana:

- (1) milih bahan pedareun;
- (2) nangtukeun tema tina bahan nu rek dipedar;
- (3) nangtukeun tujuan karangan; jeung
- (4) nyusun bagan atawa rangkay karangan.

Kamampuh ngarakit karangan atawa nulis lain ngan wungkul keur jalma anu mibanda bakat, atawa sabalikna. Kamampuh nulis tétéla teu kalis ku nyangking pangaweruhna wungkul. Teu saeutik jalma anu teu kungsi diajar atawa niténan tiori (pangaweruh nulis) tapi maher malah katotol tukang nulis (pangarang). Teu saeutik jalma nau nyangking pangaweruh (tiori) nulis, tapi teu mampuh ngarakit karangan.

b. Faktor-faktor Kamampuh Nulis

Tétéla, pikeun nyangking kamampuh nulis lain ngan sakadar boga karep atawa mibanda pangaweruhna wungkul, tapi aya sawatara faktor anu mangaruhan kana kamampuh nulis, nya éta: (1) latihan; (2) maca; jeung (3) faktor psikologis.

1) Latihan Nulis

Kamampuh nulis mangrupa kamampuh praktis nu teu cukup ku ngandelkeun bakat atawa karep jeung nyangking pangaweruhna wungkul. Teu béda jeung kamampuh nyetir mobil atawa kamampuh praktis séjénna. Sanajan nyaho kana tiori nyetir sarta nyangkem kana instrumen

atawa alat nu aya dina mobil tapi moal bisa nyetir sok komo deui maher upama tara latihan nyetir. Kitu deui nulis atawa ngarang.

Latihan mangrupa faktor penting pikeun ngasah kamampuh. Leuwih getol sarta rajin latihan, kamampuh katur pangaweruh bakal leuwih kaasah dina nulis mah pangpangna ngalatih ngamalarkeun ide atawa gagasan.

Latihan nulis bakal mangrupa pangalaman atawa pangajaran anu kawilang penting pikeun ngarojong kana kamampuh nulis. Najan ngan sakadar nulis dina catetan buku pribadi tapi lamun dipigawé saban waktu, tanwande bakal mangaruhan kana kamampuh nulis.

2) Maca mangrupa Langkah Awal pikeun Nulis

Maca mangrupa faktor kadua pikeun ngarojong kana kamampuh nulis. Ku loba maca karangan nu lian, baris meunangkeun pangalaman batin jeung pangajaran penting pikeun ngarojong kamampuh nulis. Maca karangan nu lian lain hartina pikeun ditiron, tapi bisa dijadikeun pangbanding jeung karangan sorangan. Lian ti éta, ku lobana maca baris bisa niténan kumaha cara katut gaya nulis anu hadé.

3) Faktor Psikologis dina Nulis

Toety Heraty Nurhadi (1986) nétélakeun yén dina kamampuh midangkeun eusi pikiran katut rasa nu aya hubunganana jeung prosés psikologis. Nu dimaksud prosés psikologis téh nya éta ku ayana faktor pangrojong anu sipatna pangrojong nu kaluar tina diri pribadi (intern) jeung pangrojong anu jolna ti saluareun diri pribadi (extern).

Pangrojong *intérn*, nya éta rojongan anu jolna tina diri pribadi kayaning:

- (1) Motivasi: karep, kakeyeng, sumanget, kawani; jeung
- (2) Émosi: rasa seni, intuisi, jeung représi.

Pangrojong *extérn* nya éta rojongan anu datangna ti saluareun diri kayaning: suasana lingkungan anu ngarojong sangkan daék nulis, boh ku ayana pancén boh pangbibita ku hadiah atawa pangajén lianna.

C. RANGKUMAN

Nulis atawa ngarang mangrupa kamampuh ngagunakeun basa dina wangun tinulis, pikeun nepikeun gagasan, eusi pikiran, kahayang, kereteg haté, atawa informasi.

Karangan anu dianggap nyumponan sarat, sakurang-kurangna mibanda lima unsur nya éta (1) eusi, (2) wangun, (3) tata basa, (4) gaya, jeung (5) mekanik.

Karangan téh hakékatna mangrupa gambaran tina eusi pikiran atawa rasa, anu diwujudkeun dina wangun tinulis. Sangkan mampu nétélakeun eusi pikiran atawa rasa kalawan gembleng, leuwih ti heula kudu nyangkem aspék-aspék basana kayaning: (1) nyangkem sajumlahing kabeungharan kecap; (2) nyangkem kaédah-kaédah sintaksis; (3) mibanda kamampuh gaya nu merenah; jeung (4) mibanda bahan karangan.

Nurutkeun sipatna, karangan téh bisa dibédakeun jadi dua wanda, nya éta karangan fiksi (sastra) jeung (2) karangan nonfiksi (ilmiah).

Dumasar kana wanguna, karangan bisa dipasing-pasing jadi opat bagian, nya éta (1) karangan carita (narasi), (2) karangan dadaran (déskripsi), (3) karangan pedaran (ékposisi), jeung (4) karangan alesan (argumentasi).

Langkah-langkah dina ngarang teh, di antarana, (1) milih bahan pedareun; (2) nangtukeun tema tina bahan nu rek dipedar; (3) nangtukeun tujuan karangan; jeung (4) nyusun bagan atawa rangkay karangan.

Kamampuh ngarang lain ngan wungkul keur jalma anu mibanda bakat, atawa sabalikna, tapi oge pikeun nu nyangking pangaweruh nulis. Pikeun nyangking kamampuh nulis lain ngan sakadar boga karep atawa mibanda pangaweruhna wungkul, tapi aya sawatara faktor anu mangaruhan kana kamampuh nulis, nya éta: (1) latihan; (2) maca; jeung (3) faktor psikologis.

D. LATIHAN

Jawab sakur pananya di handap ieu!

1. Naon anu disebut ngarang atawa nulis teh?
2. Kumaha wae sarat karangan nu alus teh?
3. Ari wanda karangan naon wae?
4. Jelaskeun bedana karangan fiksi jeung karangan nonfiksi?
5. Naon ciri karangan fiksi?
6. Ari ciri karangan nonfiksi naon?
7. Jentrekeun bedana antara karangan narasi jeung deskripsi!
8. Bedakeun ku Saderek bedana karangan argumentasi jeung eksposisi!
9. Faktor-faktor naon bae anu mangaruhan kana kamampuh nulis?
10. Kumaha bae bahan ajar nulis di SD teh?

